



Kurikiza ano mabwirizwa kugira ngo usukure neza isoko ryawe nimba bagiteri zabonetse mu mazi yawe, iriba ryawe ryarasanuwe (harimwo n'ugusubiriza ipompo), wubatse iriba rishasha, canke hari silifiride ya idrojene (irigi riboze) riranuka ahazanana amazi.

Imbere yo gusukura iriba ryawe

Nusuzume n'amaso iriba ryawe n'ahazanana amazi kandi ukore isanura iryo ariryo ryose.

- Rondera kandi utore umuti uwo ari wo wose w'ikwiragira rya bagiteri mu micungararo y'iriba ryawe, nko kuva, mw'ihuriro, imifuniko idafata neza, canke ubuyungiro bwo gutanga umuyaga bwatabutse.

Ni wiyumvire ingene wopima nitrate na chloride kugira ngo bifashe kumenya iyo bizanana.

- Ikinogo kijamwo imyanda yo mu nzu canke iyororero riri hafi bishobora kuba ariyo soko ryo kwandura.

Menya ido n'ido ry'uburebure bw'ikinogo n'ubwaguke bw'iriba ryawe.

Voma amazi ahagije ashobora kumara ikiringo c'iminsi 3 gushika kuri 5.

- Shusha ikiringo c'umunota umwe amazi ayo ariyo yose akoreshwa mu kunyobwa, guteka, kuronga imfungurwa, kwoza amenyo canke gukora ibarafu canke amata y'umwana. Urashobora kandi kuronka canke kugura amazi avuye mu rindi soko ryizewe. **Menya neza: amazi ashusha ashobora kuzana ibindi vyanduza mw'iriba ryawe, nka nitrate.** Shusha amazi yawe gusa, mu gihe uzi ko ata bindi vyanduza biri mu mazi yawe.

Ugurura ahazanana amazi hose nimba amazi aboneka ko adatonganutse canke yuzuyemwo imicafu.

- Ugurura ibombo ryo hanze hanyuma wugunyuze icababa ubunini bw'iriba ryawe. Ni wirinde gukura amazi mw'iriba ryawe mu gihe ryumye, ivyo bishobora kuryonona no gutuma amazi yawe yandura.

Intambwe ku yindi yo gusukura iriba ryawe

Uzoza urongereza Javel ubwo nyene mw'iriba ryawe. Amazi arimwo chlorine azoheza atembere mu miringoti no mu mabomba yo mu nzu yawe.

1. Comora canke uzimye ibikoresho vyose vyo gusukura amazi, nk'umuti worosha amazi canke ivyuma vyo kuyungurura amazi, kuko Javel irashobora kuryonona. Uzokenera gusukura ivyo bikoresho mu buryo butandukanye wisunze amategeko y'uwabikoze.

2. Egeranya ibikoresho bikenewe; ibirato vy'intoke, ibikingira amaso, Javel yo mu rugo itarimwo imibavu kandi ataco yongewemwo, indobo ipima galo 5, uburoso butoya, umuringoti wo kuvomera, hamwe n'igikombe co gupima. **Ambara ibirato vy'intoke vya parasitike n'amarori akingira amaso igihe cose uriko urakoresha Javel.**
3. Gumiza abana n'ibikoko kure y'ico kibanza, cane cane kure y'amazi ya Javel na Chlorine. Zimya umuriro mw'ipompo.
4. Kurako umufuniko w'iriba. Suzuma kandi ufuke urutsinga urwo ariwo rwose rugaragara. Urashobora gusubiza umuriro mw'ipompo, ariko ntutoteshe intsinga.
5. Vanga agakombe 1 ka Javel n'inusu ya galo y'amazi mu ndobo. Koresha aya mazi kugira usukure umufuniko w'iriba no kumpande zaco ukoresheje uburoso. Kura amazi mu miringoti ija mu binogo bijamwo imyanda yo mu nzu hamwe n'amazi ayariyo yose atemba.
6. Harura Javel ikenewe mu gukoresha ibiharuro vya chlorine kuri HealthVermont.gov/water/disinfection (umuhora uri mu Congereza) canke ukoreshe $\frac{1}{2}$ c'agakombe ka Javel ku metero 10 z'uburebure ku gipimo ca c'uburebure bw'ikinogo ca cm 6 kwadarato canke ukoreshe igikombe 1 ca Javel ku ma galo 25 z'amazi ku binogo vyimbwe. Intumbero ni uko amazi yogera kuri rugero rwa chlorine y'ibice 100 gushika kuri 200 ku muliyoni (ppm). Uko ugereranya ubwinshi bw'amazi mw'iriba ryawe canke uburyo ukoresha, bushobora gutuma ushika ku urugero rutandukanye, hagati ya 100 na 200 ppm.
7. Suka buke buke Javel mw'iriba ryawe.
8. Koresha umurongoti wo kuvomera mu gushira amazi mw'iriba kugira uvange amazi na Javel maze bitembere. Vomera amazi ku nkengera z'iriba canke ku mpande z'ico kinogo cimbwe. Ivyo bikore n'imiburiburi mu kiringo c'iminota 15 kugeza kw'isaha 1.
9. Subira wugare iriba kandi (nimba bishoboka) shirako igufuri nshasha nimba ryaravunitse canke ataririko.
10. Ja kw'ibomba ryo mu nzu iwawe riri kure y'ikinogo hanyuma wugurure amazi akanye kugeza aho uzokumva akamoto ka Javel. Ugara ibomba, hanyuma ukore uko nyene ukoresheje amazi ashushe. Subiramwo iyo ntambwe ku mabomba yose, ayo hejuru, ubwogero, mu kazu ka surwumwe n'amabomba yo hanze. **Kura ku mabomba yawe utuntu twose tuyungurura umucafu kubera ko dushobora kuzibirwa n'ubucafu bwagiyemwo igihe c'ibikorwa vyo gusukura.**
11. Suzuma amabwirizwa y'uwabikoze imbere yo kwugururira amazi ya Chlorine mashini imesura impuzu, iyoza ivyombo canke mu buryo bwo kuyungurura amazi yo muri firigo.
12. **Gumiza amazi ya Chlorine mw'ibomba n'imiburiburi amasaha 8, ariko bitarenze amasaha 12,** kugira Chlorine ironke umwanya wo kwoza neza imiringoti yawe.
13. N'imiburiburi inyuma y'amasaha 8, ugurura amazi kugeza utacumva akamoto ka Javel. Tangurira kw'ibomba ryo **hanze**. Fatanya n'umuringoti usohora amazi kugira amazi atembere mu rucekeri canke mu vyatsi. Gusuka amazi menshi ya Chlorine mu kinogo kijamwo imyanda yo mu nzu bishobora kuconona. Ushobora kuba ukeneye kwugurura amazi buke buke canke kwugara ibomba rimwe na rimwe kugirango iriba rishobore kwuzura kugira ntirikame.
14. Ugunyuzwa amabomba yo mu nzu mu kwugurura amazi ashushe n'ayakanye kugeza utacumva akamoto ka Javel.

15. Kuraho, sukura, hanyuma usubirize imiringoti iyo ariyo yose kw'ibombo ryawe kuko irashobora kuzibirwa n'umucafu wagiyemwo mu gihe co gusukura.
16. Subira upime amazi yawe inyuma y'iminsi 2 kugeza kuri 3 akamoto ka Chlorine gaheze. Tumako ibikoresho vyo gupima bagiteri (Kit A) biva mu gisata c'amagara y'abantu gipima indwara. Sukura amabomba ukoresheje alukore n'ipampa imbere yo gufata ishantiyo.
17. Shishikara gushusha amazi yawe canke uronke amazi avuye mw'isoko ryizewe kugeza ata bagiteri zikiboneka.

Ayandi makuru

- Genda kuri [HealthVermont.gov/water/coliform-bacteria](https://www.healthvermont.gov/water/coliform-bacteria) (umuhora uri mu Congereza)
- **Ibibazo?** Hamagara umugambi w'amazi yo kunywa kuri 802-489-7339